# आकाशवाणी, गोरखपुर

**दिनांक–05 अक्टूबर 2023** **भोजपुरी समाचार**

उप मुख्यमंत्री केशव प्रसाद मौर्य कहले हवें कि प्रदेस सरकार येह सालि एक अपरैल से किसानन के नलकूप कनेक्सन क बिजुली बिल माफ करी। उहां के कहलीं कि प्रधानमंत्री किसान सम्मान निधि योजना क लम्बित अरजियन के पनरह अक्टूबर ले निस्तारित कै दिहल जाई। श्री मौर्य आजु कौशाम्बी में समीक्षा बइठकी के बाद संवाददाता लोगिन के सम्बोधित करत रहलें। उप मुख्यमंत्री कहलें कि प्रदेस सरकार कृषि अउर किसानन के हितन बदे लगतारे कार कै रहलि हौ। उहां के कहलीं कि भाजपा सरकार किसानन के नलकूपन क बिजुली बिल माफ करे क घोसणा कइले रहल। एकरे बाद चलि रहल वित्तीय बरिस के बजट में धनरासियो क प्रावधान कइल गइल हौ। श्री मौर्य कहलें कि भाजपा सरकार गरीबन अउर बंचित लोगिन क सरकार हौ। उहां के कहलीं कि प्रदेस में बड़हन संख्या में लोगिन के प्रधानमंत्री अउर मुख्यमंत्री आवास योजना क फायदा मिलल हौ। पहिले क सरकारन में गरीबन खातिर आवे वाला रासन अमीरन के लग्गे जात रहल। उनकर सरकार बड़हन संख्या में अपात्र लोगिन क रासन कार्ड खारिज कइलसि अउर खाली पात्र लोगिन के निःसुल्क रासन उपलब्ध करवलसि।

उप मुख्यमंत्री ईहो कहलें कि जमीनि के झगड़न में तहसीलि स्तर पर तहसीलदार, नायब तहसीलदार, कानूनगो अउर लेखपाल लोगिन क जबाबदेही तय कइल जाई। उहां के कहलीं कि सज्जो जिलन में भूमि बिबाद के साथे अउरियो सिकाइतिनि क निपटारा बदे तहसीलि दिवस अउर थान्हा दिवस क आयोजन कइल जाला, जे के अउरियो परभावी बनावे क निरदेस दिहल गइल हौ।

वाराणसी जिला न्यायालय ज्ञानवापी परिसर क सर्वे अउर ओकर रिपोर्ट जमा करे बदे भारतीय पुरातत्व सर्वेक्षण–एएसआई के चारि हप्ता क समय दे दिहले हवे। सथहीं ईहो कहले हवे कि एकरे बाद सर्वे क अवधि नाहीं बढ़ावल जाई। ज्ञानवापी परिसर क वैज्ञानिक सर्वे क अवधि छौ अक्टूबर के पूरा होत रहल। एकरे अलावा ज्ञानवापी प्रकरण से जुड़ल अउरियो सज्जो मामिलन क सुनवाई बारह अक्टूबर के होई। व्यास जी क तहखाना के सम्बन्ध में दाखिल ट्रांफसर आवेदन पर आजु संझा ले आदेस आ सके ला।

**********

रेहड़ी–पटरी बिक्रेता लोगिन के आत्मनिरभर बनावे बदे सुरू कइल गइल प्रधानमंत्री स्वनिधि योजना में पचास लाख से बेसी लोगिन के फायदा पहुंचा के इतिहासिक उपलब्धी हासिल कइल गइल हौ। प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी येह बड़हन उपलब्धी बदे बधाई देत कहलें कि उन्हें संतोस हौ कि पीएम स्वनिधि योजना से न खाली देस भर क रेहड़ी–पटरी वालन क जिनगी आसान भइल हौ बलुक उन्हें सम्मान के साथे जीये क मौको मिलल हौ।

येह उपलब्धी पर मुख्यमंत्री योगी आदित्यनाथ सोसल मीडिया पोस्ट में कहलें कि प्रधानमंत्री के अगुआई में पीएम स्वनिधि योजना से स्ट्रीट वेंडर्स क जीवन समृद्धि, सम्पन्नता, स्वावलम्बन अउर सम्मान के प्रकास से आलोकित हो रहल हौ। उत्तर प्रदेस क लाखों स्ट्रीट वेंडर्स के आत्मनिरभर बनावे क योजना समर्थ भारत–स्वावलम्बी भारत क निरमाण यात्रा में मीलि क पाथर सिद्ध हो रहलि हौ। आवासन अउर सहरी कार्य मंत्रालय येह बरिस पहिली जुलाई से येह कार्यक्रम में संसोधित लक्ष्य हासिल करे बदे बिसेस अभियान चलाई। संयुक्त कोसिसन के बदौलति छियासी अरब रूपिया क करीब छियासठ लाख ऋण पचास लाख से बेसी लाभारथियन के बांटल गइल। पीएम स्वनिधि योजना की ओरि से पचास हजार रूपिया ले क करजा बिना कउनों प्रतिभूति के दीहल जाला।

**********

केंद्रीय युवा कार्यक्रम अउर खेल मंत्रालय राष्ट्रीय खेल पुरस्कार 2023 बदे आवेदन आमंत्रित कइले हौ। पुरस्कार बदे पात्र खेलाड़ियन, प्रसिक्षकन, संस्था अउर विश्वविद्यालयन क आवेदन पोर्टल– **डीबीटी वाईएएस डॉट स्पोर्ट्स डॉट जीओवी डॉट इन** पर अगिला महिन्ना के दुइ तारीख ले जमा करावल जा सकी। आखिरी तारीख के बाद मिलल आवेदन पर बिचार नाहीं कइल जाई। आवेदन खाली पोर्टल के जरिये ऑनलाइन भेजल जा सके ला। मंत्रालय हर सालि खेल पुरस्कारन बदे आवेदन आमंत्रित करे ला। बरिस दुइ हजार तेइस बदे येह खेल पुरस्कारन खातिर आवेदन आमंत्रित करे क अधिसूचना वेबसाइट पर अपलोड कइ दिहल गइल हौ।

**********

भारत, चीन में चलि रहल ओन्नइसवां एशियाई खेलन में अबले क आपन सर्वश्रेस्ठ परदरसन करत 21 स्वर्ण, 31 रजत अउर 32 कांस्य के साथे कुलि 84 पदक जीति लिहले हौ। एथलेटिक्स में काल्हि पुरूसन क भाला फेंक में नीरज चोपड़ा येह सत्र क सर्वश्रेस्ठ 88 दसमलव आठ–आठ मीटर क थ्रो कइ के स्वर्ण पदक जितलें। ओहीं, किशोर कुमार जेना आपन सर्वश्रेस्ठ परदरसन करत सत्तासी दसमलव पांच–चारि मीटर ले भाला फेंकि के रजत पदक जितलें।

**********

आई.सी.सी. एकदिवसीय क्रिकेट विस्व कप क सुरूआत हो गइल हौ। न्यूजीलैंड अउर इंग्लैंड के बिच्चे आजु उदघाटन मैच खेलल जा रहल हौ। इंग्लैण्ड पहिले बल्लेबाजी करत निरधारित 50 ओवर में 9 बिकेट पर 282 रन बनवलस।

**********